

UKARA PAMRAYOGA

**UKARA PAMRAYOGA**

**JURNAL**



DENING  
AHMAD ABDUL MALIK AMRULLAH  
072114028

Universitas Negeri Surabaya

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
2013**

**UKARA PAMRAYOGA**

**AHMAD ABDUL MALIK AMRULLAH**

**(072114028)**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

*Aam\_d@ymail.com*

**Abstrak**

Wujud pamrayoga minangka sawijining wetuning karep lan rasa pangrasa saka manungsa narik banget kanggo diteliti, amarga mrayogakake ana gayutane karo penjalukan kang nduweni sipat matesi kalonggarane wong kang diajak guneman anggane nampa gunemane wong kang guneman. Banjur supaya bisa nglairake gagasan kalawan patitis, prelu banget nyumurupi kepriye pangikete ukara, tembung siji-sijine, sarta nyumurupi kepriye enggone nggandheng karo ukara liyane amrih teteh lan rowa.

Punjere panliten iki yaiku kepriye wujud mrayogakake adhedhasar warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan lan kepriye fungsi warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan sajroning mrayogakake. Tujuwan panliten iki yaiku wujud pamrayoga adhedhasar warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan lan fungsi warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan sajrone pamrayoga. Panliten iki bisa migunani tumrap kajian sintaksis.

Panliten babagan wujud pamrayoga iki sipate *deskripsif* lan sacara metodologis panliten iki klebu ing panliten linguistik *sinkroni*. Basa kang digunakake ing panliten iki yaiku basa jawa. Sumbere dhata yaiku gunemane wong jawa kang asli jawa lan dhata informan. Tata cara ngumpulake dhata nganggo teknik *nyemak bebas libat cakap* lan *nyathet*.

Babagan tata cara pangolahe dhata, teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis dhata. Dene tata cara ngandharake asil analisis dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara informal, yaiku ngandharake analisis dhata kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah.

Adhedhasar asil andharan lan jlentrehan dhata, ukara pamrayoga bisa kaperang dadi pirang-pirang warna yaiku Ukara pamrayoga kaperang dadi (1) ukara pamrayoga adhedhasar wujud yaiku, (i) wujud ukara carita, (ii) wujud ukara pakon, (iii) ukara pitakon, (iv) ukara pamenging, lan (2) ukara pamrayoga adhedhasar isine yaiku, (i) mrayogakake kang isine bebecik, (ii) mrayogakake kang isine ngepenakake lan, (iii) mrayogakake kang isine bebener. Dene ukara pamrayoga adhedhasar isine yaiku etis, praktis lan logis didhasarake marang isine pamrayoga kang nyocogake marang solah bawa wong kang diajak guneman. Wujud ukara pamrayoga nduweni dhapuring ukara kang umume arupa ukara gatra utawa ukara camboran, yaiku ukara camboran sajajar lan ukara camboran sungsun. Yen dhapuring ukara kang ateges mrayogakake mung madeg kanthi dhapuring ukara lamba, ukara-ukara iku durung bisa mujudake anane aweh mrayogakake.

Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Wujud dari anjuran merupakan cipta dari keinginan dan rasa dari dalam manusia ini sangat menarik untuk diteliti, karena memberi anjuran mempunyai hubungan dengan permintaan yang mempunyai sifat membatasi keleluasaan seseorang yang diajak bicara dalam hal menerima pembicaraan dari si pembicara. Kemudian supaya bisa melahirkan gagasan dengan susunan yang pas, perlu diperhatikan bagaimana menghubungkan kalimat, kata satu dengan kata yang lain, serta bagaimana cara menyatukan dengan kalimat yang lain supaya lebih tepat dan jelas.

Rumusan masalah dalam penelitian ini yaitu bagaimana wujud anjuran berdasarkan jenis-jenis kalimat dan bagaimana fungsi jenis-jenis kalimat dalam anjuran. Sedangkan tujuan penelitian ini yaitu wujud anjuran berdasarkan cipta dari keinginan dan rasa dalam anjuran serta fungsi jenis-jenis kalimat berdasarkan cipta dari keinginan dan rasa dalam anjuran. Penelitian ini diharapkan bisa berguna bagi kajian tindak tutur dan perkembangan ilmu pragmatik.

Panliten mengenai wujud anjuran ini bersifat deskriptif dan secara metodologis penelitian ini termasuk penelitian linguistik sinkroni. Bahasa yang digunakan dalam penelitian ini adalah bahasa jawa. Sumber data

yaitu pembicaraan orang Jawa yang asli Jawa dan data dari informan. Tata cara pengumpulan data menggunakan teknik simak bebas libat cakap lan catat.

Mengenai bab analisis data, teknik yang diterapkan dalam penelitian ini adalah teknik analisis data. Sedangkan tata cara penjelasan hasil analisis data yaitu dengan cara informal, yaitu menjelaskan analisis data dengan menggunakan kata-kata yang biasa.

Berdasarkan hasil deskripsi lan analisis data, kalimat anjuran bisa dibagi menjadi beberapa macam yaitu, (1) kalimat anjuran berdasarkan wujudnya yaitu, (i) kalimat cerita, (ii) kalimat perintah, (iii) kalimat tanya, (iv) kalimat larangan, dan (2) kalimat anjuran berdasarkan isinya yaitu, (i) anjuran yang isinya membaguskan, (ii) anjuran yang isinya memudahkan, (iii) anjuran yang isinya membenarkan. Dalam kalimat anjuran yang berdasar pada isinya tersebut yaitu etis, praktis, dan logis didasarkan pada isi anjuran yang menyocokkan pada sikap orang yang diajak bicara. Wujud anjuran dalam kalimat bahasa Jawa mempunyai struktur kalimat yang umumnya berupa kalimat majemuk, yaitu kalimat majemuk sederajat dan kalimat majemuk bertingkat. Sedangkan struktur kalimat yang mempunyai makna anjuran hanya berdiri dengan struktur kalimat tunggal, kalimat tersebut belum bisa menciptakan adanya makna anjuran.

## PURWAKA

Sajrone Basa Jawa ana kang diarani unggah-ungguh lan undha-usuking basa yaiku paugeran kanggo matesi anggong cecaturan amarga kahanan lan status sosial ing masyarakat iku maneka warna. Anane paugeran iku supaya masyarakat Jawa bisa antuk rasa pangrasa lan karep kang sopan, santun lan adhedhasar tata krama saengga bisa nuduhake budi alus lan pakerti luhur. Kayata mrayogakake, mrayogakake iku tumindak sing ora gampang anggong nglakoni, mrayogakake ana gayutane karo penjalukan kang matesi kalonggarane wong kang dijak guneman anggong nampa gunemane wong kang guneman. Mula saka iku wong Jawa kudu pinter anggong milih ukara kanggo mrayogakake. Kaya ing sajrone panliten iki kang ngandharake ukara-ukara kang ateges mrayogakake.

Anggong mrayogakake wong kang diajak guneman wong Jawa nggunakake ukara-ukara kang maneka warna. Menehi pramayoga utawa nrima pamrayoga iku salah sijine tumindak sing kedadeyan ing saben-saben konteks ing urip sabendinan. Mrayogakake isih ditindakake wong Jawa ing ngendi-ngendi wae. Mrayogakake ajeg dikandhakake dening wong tuwa marang wong enom, nanging uga ana sing dikandhakake dening wong enom marang wong tuwa. Ukara mrayogakake iki dikandhakake ora mung sadarma kanthi wujud ukara mrayogakake, nanging uga kanthi wujud sing maneka warna supaya wong kang diajak guneman luwih ngregani omongane wong kang guneman.

Kang njalari panliten ngenani mrayogakake yaiku “anane wong urip iku yen nduwe gagasan utawa rasa pangrasa apa wae, bungah, susah, nggumun, kaget lan sapanunggalane sok banjur kawetu. Sarana nglairake rasa pangrasa utawa ciptaning ati mau yaiku guneman utawa, sarana tulisan, sasmita lan sapiturute” (Karti Basa). Ngongkon, takon, carita, sambawa lan sapiturute iku mau saperangan saka wujud. Pamrayoga ing basa Jawa iki wis akeh karembug, nanging pangrembugan mung sarwa cekak, ora kaandharake kanthi cetha. Uga ana kang ngrembug warna-warnaning ukara miturut wedharing gagasaning manungsa, nanging mung ngrembug warnaning gagasan iku mau, durung ngadharake fungsi

utawa maksud saka warnaning gagasan kang nduweni keparepan kang maneka warna kaya dene ing *Reringkesaning Paramasastra Djawa* dening Antunshono, *Ngrengrengan Kasusastran Djawa* dening S. Padmosoekotjo (1953), *Karti Basa* dening PPdK.

Anggong mrayogakake wong kang diajak guneman wong Jawa nggunakake ukara-ukara kang maneka warna. Carita lan ngongkon wis nyawiji marang gunemane masyarakat Jawa sajrone sesrawungan sabendina. Wis ora bisa uwal maneh yen guneman kang kedadeyan sabendina iku isine ngenani carita lan ngongkon kang isi, cara, lan pangucapane iku bisa asipat positif lan bisa asipat negatif. Mula saka iki pranatan sosial kang dumunung sajrone unggah-ungguh basa ing masyarakat Jawa, kang lumrahe klebu golongan masyarakat kang ngutamakake rasa pangrasa kudu digatekake dening wong kang guneman sadurunge nindakake caturan. Ing ilmu sosiolinguistik ana kang diarani *Communicative Competence* utawa kemampuan komunikatif, sing diarani “kemampuan komunikatif yaiku kemampuan anggong guneman utawa kemampuan kanggo nggunakake basa kanthi cocog karo guna, kahanan, lan paugeran-paugeran nggunakake basa kanthi konteks kahanan lan konteks sosial” (Chaer, 2004:34).

Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur yen panliten kang wis ana mung ngrembug sakeplasan babagan pamrayoga, mula saka iku panliten iki bakal nliti babagan wujud ukara kang ateges mrayogakake ing basa Jawa. Adhedhasar jlentrehane ing ndhuwur, punjere panliten iki bakal ngrembug kepriye wujud mrayogakake adhedhasar warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan, Kepriye fungsi warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan sajrone mrayogakake. Dene tujuwane panliten iki yaiku ngandharake babagan : (i) wujud mrayogakake adhedhasar warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan lan (ii) fungsi warna-warnane ukara miturut wedhare gagasan sajrone mrayogakake.

Panliten iki dianggep wigati, sacara teoritis utawa praktis, lan panliten iki kaajab bisa aweh sumbangsih ing babagan rembug bab basa. Sacara mirunggan ing kajian sintaksis lan kajian liyane. Andharan ing panliten iki bisaa ngrembakake bukti kuwat lan orane piranti teoritis lan metodologis kang

karembakakake. Saliyane iku, uga kanggo njembarake wawasan utawa nitingi bab-bab kang bisa dirembug lan diwedharake ing panliten iki.

Sacara praktis, asiling panliten iki bisaa aweh paedah kanggo paugeraning wong jawa anggane sesrawungan kanthi basa kang bener lan pener. Saorane panliten iki bisaa kanggo paugeran kepriye mungguh basa kang digunakake ing pasrawungan.

Sajrone panliten iki ana wates-watese kang kudu ditrapake panliti, amrih dhata panliten iki ora ngrambyang lan bisa dititiki kanthi cetha. Wates-wates iku mau yaiku kaping pisan, watesan teoritis gegayutan dhapuring ukara, utawa luwih cethane gegayutan ngenani pratitising wujud lan pratitising surasa sajrone ukara saengga mujudake bab wujud lan fungsi saka ukara-ukara kang ateges mrayogakake. Kaping pindho, watesan metodologis gegayutan karo sumber data lan data panliten, pangumpulane data, lan analisis data. Sumber data ukara kang ateges mrayogakake diwatesi ing masyarakat asli jawa kang isa basa jawa kanthi pener lan bener. Sumber data iki punjere ana ing ukara pamrayoga kang ditemokake dening panliti. Pangumpulan data panliten ditindakake kanthi cara nyemak, lan kanthi metode lanjutan yaiku semak bebas libat cakap lan nyathet kang diwatesi dening wektu lan panggonan. Sabanjure cara ngandharake data diwatesi ing wujud saka ukara kang ateges mrayogakake, lan fungsi wujud ukara-ukara kang ateges mrayogakake.

## TATACARA PANLITEN

Panliten kanthi irah-irahan “Ukara Pamrayoga” iki nduweni pendekatan sacara teoritis lan metodologis. Sacara teoritis digunakake pendekatan sintaksis. Saka pendekatan teoritis iku mau panliten iki bakal ngandharake ngenani ukara saka pratitising wujud lan pratitising surasa kang mujudake kepriye wujud lan fungsine. Dene, sacara metodologis panliten iki klebu panliten linguistik sinkroni, amarga mung ngrembug ukara kang digunakake.

Mahsun (2005:86) ngadharake yen panliten basa kanthi sinkronis yaiku panliten basa kang ditindakake kanthi nyinaoni fenomena sawijining basa ing sawijining wektu, dadi asipat deskriptif, dene panliten basa kanthi diakronis yaiku nyinaoni fenomena ngrembakane sawijining basa.

Dhata yaiku objek panliten kang dumunung sajrone konteks. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa ditegesi yen objek panliten iki yaiku mrayogakake, dene dhatane yaiku wujud wedharan-wedharan kang ngandhut teges mrayogakake. Adhedhasar wernane regional kang wis ditemtokake, mula sumber dhata panliten iki yaiku pawongan utawa masyarakat Jawa kang asli jawa lan bisa nggunakake basa jawa kanthi pener lan bener.

Dhata panliten yaiku minangka obyek panliten. Lincoln lan Guba (sajrone Moleong, 2011:11)

ngandharake yen salah sawijine titikan saka panliten deskriptif yaiku dhata kang diklumpukake arupa tembung-tembung, gambar, dudu angka-angka. Bab kang padha uga diandharake dening Ratna (2011:47) yaiku dhata panliten ing ilmu sastra kang minangka dhata informal yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana.

Cundhuk karo andharan ing ndhuwur mula obyek panliten ing kene yaiku tembung-tembung, ukara, lan tumindak kang ana ing masyarakat Jawa mligine kang ngebu bab prakarane panliten ing antarane :

1. Dhata deskriptif babagan tumindak basa ing masyarakat Jawa.
2. Dhata deskriptif babagan ukara pramayoga kang ditindakake ing masyarakat Jawa.
3. Dhata deskriptif babagan wujud ukara pramayoga adhedhasar cara medharake kang ditemokake ing sajrone guneman kang ditindakake ing masyarakat Jawa.

Alat pangumpul dhata panliten iki nduweni kalungguhan utawa daya piguna kang wigati. Alat pangumpul dhata panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata panliten. Sajrone panliten iki, alat pangumpul dhata panliten dibedakake dadi loro, yaiku alat pangumpul dhata panliten kang baku lan alat pangumpul dhata panliten kang dadi panyengkuyung. Alat pangumpul dhata panliten kang baku yaiku panliten iki niti gunemane wong Jawa. nalika nindakake guneman kang awujud ukara kang nduweni teges mrayogakake. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku teknik kang digunakake sawektu nganakake pamiji-miji. Sacara mirunggan ing kene nggunakake teknik nyemak-nyathet.

Tata Cara kang dienggo kanggo ngumpulake dhata kanggo panliten yaiku nggunakake metode simak lan metode cakap (Sudaryanto, 1986:62 lan 1988:9). Metode simak yaiku nyemak sakabehing basa kang digunakake dening wong kang guneman. Metode cakap yaiku wawancara antarane panaliti karo nara sumber.

Metode nyemak ditindakake kanthi limang teknik yaiku (a) teknik sadap, (b) teknik nyemak libat cakap, (c) teknik nyemak bebas libat cakap, (d) teknik rekam lan (e) teknik nyathet.

Teknik nyemak libat cakap ditindakake kanthi melu lan nyemak ing gunemane. Teknik nyemak bebas libat cakap yaiku nyemak tanpa melu ing gunemane. Teknik nyathet yaiku nyathet sakabehing wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake basa Jawa. Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur teknik-teknik kang klebu ing metode nyemak kang digawe ing panliten iki yaiku teknik nyemak bebas libat cakap, lan teknik nyathet.

Tata cara pangolahing dhata minangka sawijine cara sajrone nindakake panliten amrih antuk asil kang



bener lan selaras karo tujuwan kang dikarepake ing panliten. Teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis dhata. Analisis dhata kualitatif Adhedhasar pamawas kasebut, mula cara analisis dhata kang ditindakake ing panliten iki yaiku :

- 1) Transkripsi lan Penalaran dhata  
Kagiyatan transkripsi dhata kang ditindakake kanthi becik bakal dadi dhasar kepriye panliti nindakake analisis. Mula kagiyatan transkripsi lan penalaran ing kene ora mung ngerti sawantah, nanging kudu bener-bener bisa mangerteni isi guneman kang dadi dhata kasebut.
- 2) Verifikasi dhata  
Sawise transkripsi ditindakake kagiyatan verifikasi. Tegese nliti maneh bab kang wis dimangerteni amrih luwih bener lan pener, selaras karo prakara kang bakal ditliti.
- 3) Klasifikasi lan kodifikasi dhata  
Kagiyatan iki ditindakake kanthi cara milah-milah dhata manut underane panliten. Pamilihan kasebut dibarengi karo kagiyatan menahi kode, bisa arupa nomer-nomer. Kanthi menahi kode kasebut bisa nggampangake panliti anggane nglompokake dhata.
- 4) Nafsirake dhata  
Kagiyatan nafsirake iki kanggo ngasilake sawijine deskripsi utawa andharan saka dhata kang wis dipikolehi selaras karo prakara kang ana ing underane panliten.

Tata cara ngandharake asil analisis dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara *informal*, yaiku ngandharake analisis dhata kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah. Andharan asiling panliten kasebut ditulis kanthi urutan ing ngisor iki.

- 1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngemu sub bab ing antarane yaiku landhesane panliten, punjere panliten, tujuwan panliten, paedahe panliten, wewatesane panliten lan panjlentrehe tetembungan.
- 2) Bab II minangka tintingan kapustakan kang ngemu sub bab ing antarane yaiku panliten kang saemper, lan konsep-konsep kang gegayutan karo panliten kang ditindakake
- 3) Bab III minangka metodhe panliten kang ngemu sub bab ing antarane ancangan panliten, sumber dhata, tata cara nglumpukake dhata, tata cara pangolahing dhata, lan prosedur panliten.
- 4) Bab IV isine ngenani andharan asiling panliten ngenani wujud-wujud pramayoga adhedhasar warna-warnaning ukara miturut wedharing gagasan

- 5) Bab V minangka panutup kang isine ngenani dudutan lan pamrayoga saka sakabehe andharan asiling panliten.

## ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Adhedhasar asiling panliten saben-saben wong kang guneman iku anggane medharake ukara nduweni cara kang beda-beda mligine nalika mrayogakake. Ukara pamrayoga kaperang dadi (1) ukara pamrayoga adhedhasar wujud yaiku, (i) wujud ukara carita, (ii) wujud ukara pakon, (iii) ukara pitakon, (iv) ukara pamenging, lan (2) ukara pamrayoga adhedhasar isine yaiku, (i) mrayogakake kang isine bebecik, (ii) mrayogakake kang isine ngepenakake lan, (iii) mrayogakake kang isine bebener.

### A. Pamrayoga Adhedhasar Wujud

Panggandhenge tembung, gatra, lan ukara gatra loro utawa luwih ana ing wujud ukara ora bisa mung sakarepe dhewe, nanging anggane nemtokake praboting ukara kudu ngelingi surasa lan wujud. Pamrayoga adhedhasar wujud bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

#### 1. Pamrayoga Awujud Ukara Carita

Wernane wujud ukara pamrayoga bisa ditemokake ing wujud ukara carita. Amarga, ing ukara carita iku mesthi ngemu maksud pamicarane kang maneka warna. Kanggo luwih cethane, kajlenthake ing tuladha ngisor iki.

(1) *Bapak ngolehi ae kowe pacaran, tapi ya kudu ngerti wates.*

(2) *Nek mbubutne seker neng papang ae, garapane apik.*

(3) *Nek siram-siram winih sawi sore ae, ben ra panasen.*

Ukara kang kaping (1) klebu ing ukara carita amarga ing ukara kasebut ora ana tetembungan sing nuduhake tembung pakon. Ukara carita kang ateges mrayogakake ing ndhuwur uga kagolong andharan rangkep kang kawangun saka rong ukara gatra yaiku *bapak ngolehi ae kowe pacaran lan (nanging) tapi ya kudu ngerti wates*. Ukara gatra loro mujudake katrangan saka ukara gatra siji kang ndadekake ukara carita iku luwih rowa kanthi tembung pangiket *supaya* kang kasilepake saengga nduweni darbe surasa janggalan. Jejer saka ukara gatra siji yaiku bapak, dene ing ukara gatra loro yaiku kowe.

Basa kang digunakake yaiku basa ngoko amarga ora ana titikane basa krama kang maujud ing wewangunane ukara carita ing ndhuwur. Fungsne saka ukara (1) yaiku *direktif*, nindakake kaya apa kang diwedharake wong kang guneman utawa bisa diarani tindak tutur parentah, bisa nduweni fungsi *direktif*

amarga ing ukara (1) nduweni surasa ngongkon kang alus, yaiku wong kang guneman ngongkon marang wong kang diajak guneman murih ngisahi piringe, supaya regedane ora numpuk. Ukara kasebut ora ana tembung pakon sing Paedahe ndadekake ukara pakon. Nanging wong kang guneman nduweni pengajab supaya sing diajak guneman mangerteni lan nglakoni apa kang dadi gunemane. Saka andharan ing ndhuwur bisa ditegesi yen ukara carita (1) nduweni teges janggalan utawa sarat.

Ukara (2) klebu jinising ukara carita amarga ing ukara iku ora ana tetembungan sing nuduhake tembung pakon. Ukara carita kang ateges mrayogakake ing ndhuwur kagolong andharan rangkep kang kawangun saka rong ukara gatra yaiku *nek mbubutne seker neng papang ae* lan (amarga) *garapane apik*. Ukara gatra loro minangka katrangane saka ukara gatra siji kang ndadekake ukara carita iku luwih rowa kanthi tembung pangiket *amarga* kang kasilepake kang darbe surasa karena utawa alasan. Jejer saka ukara gatra siji yaiku kowe kang kasilepake, dene jejer saka ukara gatra kang kapindho yaiku *papang* kang uga kasilepake.

Basa kang digunakake yaiku basa ngoko amarga ora ana titikane basa krama kang maujud ing wewangunane ukara carita ing ndhuwur. Fungsine saka ukara (2) yaiku *direktif*. Ukara kasebut ora ana tembung pakon sing Paedahe ndadekake ukara pakon. Nanging wong kang guneman nduweni pengarep-arep supaya sing diajak guneman mangerteni lan nglakoni apa kang dadi gunemane yaiku supaya anggone mbubutake seker menyang papang, amarga ing kana garapane luwih apik. Saka andharan ing ndhuwur bisa ditegesi yen ukara carita (2) nduweni teges mrayogakake.

Ukara (3) uga klebu jinising ukara carita amarga ing ukara iku ora ana tetembungan sing nuduhake tembung pakon. Ukara carita kang ateges mrayogakake ing ndhuwur kagolong andharan rangkep kang kawangun saka rong ukara gatra yaiku *nek siram-siram winih sawi sore aelan (supaya) ben ra panasen*. Ukara gatra loro minangka katrangane saka ukara gatra siji kang ndadekake ukara carita iku luwih rowa kanthi tembung pangiket supayakang kasilepake kang darbe surasa karena utawa alasan. Jejer saka ukara gatra siji yaiku kowe, semono uga ing ukara gatra loro, nanging ing ukara gatra loro jejere kasilepake.

Basa kang digunakake yaiku basa ngoko amarga ora ana titikane basa krama kang maujud ing wewangunane ukara carita ing ndhuwur. Fungsine saka ukara (3) yaiku *direktif*, wong kang guneman anggone mrayogakake marang mitra wicaran murih anggane nyiram sawi nalikane wektu sore supaya kang nyirami sawi iku ora panas. Ukara kasebut ora ana tembung pakon sing Paedahe ndadekake ukara pakon. Nanging wong kang guneman nduweni pengarep-arep supaya sing

diajak guneman mangerteni lan nglakoni apa kang dadi panjaluke. Saka andharan ing ndhuwur bisa ditegesi yen ukara carita (3) nduweni teges mrayogakake.

## 2. Pamrayoga Awujud Ukara Pakon

Mrentah yaiku wong kang guneman kang njaluk tulung kanthi cara adreng marang wong kang diajak guneman nanging dhasare nuduhake ukara panjaluk. Mrentah iku klebu ing ukara pakon. Dene ukara pakon utawa ukara agnya iku wedharing gagasan wong kang guneman tumuju marang wong kang diajak guneman supaya nglakoni utawa nindakake pakaryan. Ukara pakon iku kang digatekake mung peranganing tindak kang premati dhewe, mula ukara pakon sacekak-cekake awujud ukara ora genep.

- (4) *Ndang turua awan dhisik, awake ben isa leren.*
- (5) *Nek wis lulus smp goleka sma sing favorit, ben gampang nek golek kampus kuliah.*
- (6) *Kene ndang ngombe obat supaya pileke ndang mari.*

Ukara kang bakal diandharake yaiku pamrayoga kanthi wujud ukara pakon. Ukara (4) klebu ukara pakon amarga tembung kang kanggo mratelakake pakon mau rinaketan panambang {-a}, yaiku tembung tembung *туру* oleh panambang {-a} kang ndadekake tembung kriya dadi tembung pakon. Ukara kasebut kawangun saka ukara gatra loro yaiku *ndang turua awan dhisik* lan *awake ben isa leren*. Jejere saka ukara gatra loro ing ndhuwur yaiku kowe, nanging jejere ora kasebut sajroning ukara, amarga tembung pakon *туру* wis bisa dadi gegantine tembung sesulih *kowe*.

Ukara (4) klebu ing undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, panambang [e] disalini [ipun]. maksude saka ukara ing ndhuwur yaiku wong kang guneman ngongkon wong kang diajak guneman amrih *туру*. Dene fungsine yaiku *direktif* kanggo mrayogakake wong kang diajak guneman supaya bisa nampa kang dadi gunemane. Wong kang guneman ngongkon marang wong kang guneman amrih *туру* supaya awake bisa leren. Anggone mrayogakake, wong kang guneman nggunakake ukara pakon supaya wong kang diajak guneman luwih gampang nglakoni apa sing dadi gunemane. Mula saka iku, ukara pakon ing ndhuwur bisa ditegesi yen ukara kang wujud ukara pakon iku mau nduweni teges mrayogakake..

Ukara sabanjure (5) yaiku *nek wis lulus smp goleka sma sing favorit, ben gampang nek golek kampus kuliah*. Klebu ing ukara pakon, tembung kang kanggo mratelakake pakon mau rinaketan panambang {-a}. yaiku

tembung *goleka*. Ukara (5) kawangun saka telung ukara gatra yaiku *nek wis lulus smp, goleka sma sing favorit, lan ben gampang nek golek kampus kuliah*. Jejer tetelune ing ukara gatra iku padha bae, yaiku *kowe* kang kasilepake sajroning ukara.

Ing ukara (5) klebu ing undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, tembung *golek* disalini *pados, sing* disalini *ing kang, lan* tembung liya kang nuduhake basa krama. maksude saka ukara ing ndhuwur yaiku ngomongi yen sekolah favorit iku bisa nggampangake anggane golek kampus kuliah. Dene fungsine direktif yaiku mrayogakake marang wong kang diajak guneman. wong kang guneman ngongkon marang wong kang diajak guneman supaya golek sma favorit kang bisa nggampangake anggane mlebu kuliah.

Ukara (6) klebu ukara pakon kanthi titikan tembung kriya kang dadi perangan saka ukara pakon mau rinaketan panambang {-a}. Lajer saka ukara (6) yaiku *kene ndang ngombe obat*. Ukara iki minangka ukara kang dadi bab kang ana utawa bab kang dipratelakake dening wasesa. Wasese saka lajer iku mau yaiku *supaya pileke ndang mari*.

Ukara ing ndhuwur klebu ing kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, panambang [e] disalini [ipun]. Tegese ukara iku mau yaiku yen pangin cepet waras, anggane ngombe obat ora telat. Fungsine saka ukara pakon ing ndhuwur yaiku *direktif*, mrayogakake marang wong kang diajak guneman supaya gelem nglakoni apa sing dikarepake dening wong kang guneman, wujud mrayogakake iku mau yaiku wong kang guneman ngongkon marang wong kang diajak guneman supaya gombé obat kareben pileke enggal waras.

### 3. Pamrayoga Awujud Ukara Pitakon

Ukara pitakon uga bisa diarani ukara patanya, bakune bisa katiiki saka anane tembung pitakon *apa, sapa, pira, kapan, lan kepriye*. Ing panliten iki wujud pitakon kang fungsine mrayogakake awujud andharan rangkep. Alasan kang diucapake dening kang guneman minangka dadi wasese kang mratelakake kahanan lajere. Ukara-ukara pitakon kang fungsine mrayogakake kaya ing ngisor iki.

- (7) *Upama ra sah mancing piye? Mendhunge wis peteng.*
- (8) *Nyapa olehmu numpak montor kok ora banter pisan? Ben ndang nyusul mbahmu.*

- (9) *Sapa ya sing gelem budhal saiki? Ketokane kok arep udan.*

Ukara (7) klebu ing ukara pitakon. Bisa dititiki kanthi tembung pitakon *piye* kang maujud ing ukara pitakone. Lajere saka andharan rangkep iku yaiku *Upama ra sah mancing piye?*, dene wasese yaiku kang dadi alasane kang guneman yaiku *Mendhunge wis peteng*.

Ukara (7) klebu ing undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, panambang [e] disalini [ipun]. Tegese ukara ing ndhuwur yaiku takon marang kang diajak guneman, nanging ing pitakonane iku mau ngemu surasa ngorakake anggane budhal mancing. Bisa ditegesi kaya mangkono amarga sawise takon iku mau kang guneman ngandharake alasane ngenani perkara kang ditakokake. Fungsine direktif saka ukara pitakon iku mau mrayogakake marang kang diajak guneman amrih ora sida mancing amarga mendhunge wis nuduhake yen arep udan. Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut yen ukara pitakon kang wujud kaya ukara ing ndhuwur bisa klebu ing pamrayoga kanthi wujud ukara pitakon.

Ukara sabanjure (8) yaiku *Nyapa olehmu numpak montor kok ora banter pisan? Ben ndang nyusul mbahmu*. Ukara iku bisa dititiki kanthi tembung takon *nyapa* kang maujud ing ukara pitakone. Ukara ing uga klebu ing andharan rangkep amarga nduweni lajer lan wasesa. Lajere yaiku *Nyapa olehmu numpak montor kok ora banter pisan?*, dene wasese utawa kang mratelakake kahanan lajer yaiku *Ben ndang nyusul mbahmu*.

Ukara (8) klebu ing undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, panambang [e] disalini [ipun]. Tegese ukara pitakon mau yaiku takon marang kang ngajak guneman, nanging ngemu surasa menging amrih kang diajak guneman ora numpak montor banter. Fungsi direktif ukara pitakon ing ndhuwur yaiku mrayogakake marang wong kang diajak guneman amrih kang diajak guneman gelem nglakoni apa kang dadi gunemane. Ukara pitakon iku bisa diarani nduwe fungsi kaya mangkono amarga ukara iku kiwuwuhi alasan anggane takon, yen numpak montor banter iku bisa nyebabake cilaka.

Ukara (9) yaiku *Sapa ya sing gelem budhal saiki? Ketokane kok arep udan*. Bisa dititiki kanthi tembung pitakon *sapa*. Lajere saka ukara pitakon iku mau yaiku kang dadi pitakonane yaiku *Sapa ya sing gelem*



*budhal saiki?*, dene kang dadi wasesane utawa kang mratelakake lajer yaiku *Ketokane kok arep udan*.

Ing ukara (9) klebu ing undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, panambang [e] disalini [ipun]. Tegese ukara ing ndhuwur yaiku takon marang kang diajak guneman ngenani sing gelem budhal, nanging ngemu surasa pakon. Amarga ing wasesane saka lajer mratelakake alasane wong kang guneman supaya kang diajak guneman gelem budhal amarga wis arep udan. Fungsi direktif saka ukara pitakon iku mau yaiku mrayogakake marang kang diajak guneman amrih ndang budhal supaya ora kudanane, amarga kahanane wis nuduhake yen arep udan.

#### 4. Pamrayoga Awujud Ukara Pamenging

Menging yaiku wong kang guneman kang njaluk tulung marang wong kang diajak guneman supaya aja nglakoni tumindak sing ora becik utawa sing ndadekake bebaya. Menging iku klebu ing ukara pakon. Dene ukara pakon utawa ukara agnya iku wedharing gagasan wong kang guneman tumuju marang wong kang diajak guneman supaya nglakoni utawa nindakake pakaryan.

(10) *Aja rame-rame, ibuk lagi gerah*

(11) *Nek ngomong aja banter-banter, krungu teka ruang tamu lho*

(12) *Nek isuk aja turu ae, rejekine dithuthul pitik*

Ukara (10) klebu ukara pamenging kanthi titikane yaiku anane tembung *aja* ing wewangunane ukara kang manggon ing sangarepe wasesaning ukara. Ukara ing ndhuwur kawangun saka rong ukara gatra yaiku *Aja rame-rame*, lan(amarga) *ibuk lagi gerah*. Ukara gatra siji wujud ukara awasesa kaanan kanthi jejer tembung sesulih purusa kapindho yaiku *kowe* kang kasilepake, dene ukara gatra loro minangka dadi katrangane ukara gatra siji kanthi tembung pangiket (amarga) kang darbe surasa karena utawa alasan kanthi jejer ukara yaiku *ibuk*.

Ukara (10) wong kang guneman nggunakake undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, lan tembung-tembung kang nuduhake wewangunane basa krama. Fungsine saka ukara ing ndhuwur yaiku ngongkon supaya kang diajak guneman ora rame-rame kareben ora mbrebegi ibuke kang lagi lara. Ukara kang ndadekake ukara pamenging iku bisa ditegesi mrayogakake yaiku ukara kang mratelakake utawa dadi

katrangane saka ukara gatra siji. Upama ukara gatra siji *aja pencilakan waengadeg dhewe*, ukara iku mung dadi ukara pamenging tanpa ana maksud mrayogakake.

Ukara (11) klebu ukara pamenging kanthi titikane yaiku anane tembung *aja* ing wewangunane ukara kang manggon ing sangarepe wasesaning ukara. Ukara ing ndhuwur kawangun saka rong ukara gatra yaiku *Nek ngomong aja banter-banter,lan krungu teka ruang tamu kae lho*. Ukara gatra siji wujud ukara awasesa kaanan (banter-banter/seru-seru) kanthi jejer tembung sesulih purusa kapindho yaiku *awakmu/kowe* kang kasilepake, dene ukara gatra loro minangka dadi katrangane ukara gatra siji kanthi tembung pangiket karena (amarga) kang darbe surasa karena utawa alasan kanthi jejer ukara yaiku (swaramu) kang disilepake.

Ukara (11) wong kang guneman nggunakake undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, lan tembung-tembung kang nuduhake wewangunane basa krama. Fungsine saka ukara ing ndhuwur yaiku ngongkon supaya anggane ngomong ora banter-banter kareben ora keprungu nganti tekan ruang tamu. Ukara kang ndadekake ukara pamenging iku bisa ditegesi mrayogakake, yaiku ukara kang mratelakake utawa dadi katrangane saka ukara gatra siji. Minangka sarate yaiku ukara gatra siji ukarane ora ngadeg dhewe utawa kudu dadi ukara gatra, amarga yen dadi sak ukara iku mung dadi ukara pamenging tanpa ana maksud mrayogakake.

Ukara (12) klebu ukara pamenging kang uga nuduhake pamrayoga, kanthi titikane yaiku anane tembung *aja* ing wewangunane ukara kang manggon ing sangarepe wasesaning ukara. Ukara ing ndhuwur kawangun saka rong ukara gatra yaiku *Nek isuk aja turu ae,lan rejekine dithuthul pitik*. Ukara gatra siji wujud ukara awasesa kriya (turu) kanthi jejer tembung sesulih purusa kapindho yaiku *awakmu/kowe* kang kasilepake, dene ukara gatra loro minangka dadi katrangane ukara gatra siji kanthi tembung pangiket karena (amarga) kang darbe surasa karena utawa alasan kanthi jejer ukara yaiku *awakmu/kowe* kang disilepake.

Ukara (12) wong kang guneman nggunakake undha-usuking basa kang klebu ing basa ngoko. Amarga ora ana kang ndayani wangune basa krama yaiku tembung *kowe* disalini *panjenengan* uga bisa disalini *sampeyan* gumantung wong kang diajak guneman, lan tembung-tembung kang nuduhake wewangunane basa krama. Fungsine saka ukara ing ndhuwur yaiku ngongkon supaya wayah isuk becike aja mung dianggo turu wae, kareben ora lumuh marang pakaryan kang dadi dalan rejekine. Ukara kang ndadekake ukara pamenging iku bisa ditegesi mrayogakake, yaiku ukara kang



mratelakake utawa dadi katrangane saka ukara gatra siji. Minangka sarate yaiku ukara gatra siji ukarane ora ngadeg dhewe utawa kudu dadi ukara gatra, amarga yen dadi sak ukara iku mung dadi ukara pamenging tanpa ana maksud mrayogakake.

## B. Pamrayoga Adhedhasar Isine

Adhedhasar jinise pamrayoga bisa kaperang dadi telung warna yaiku, (1) pamrayoga kang gayutan karo etis, (2) pamrayoga kang gayutan karo praktis, lan (3) pamrayoga kang gayutan karo logis.

### 1. Pamrayoga kang Isine Bebecik

Mrayogakake kang isine bebecik yen dirasakake ana gayutane karo emosi lan rasa pangrasane wong marang sawijine *stimulus*, khusus pamiji-miji positif utawa negatif. Biasane mrayogakake kang isine bebecik dititiki kanthi tembung becike utawa apike. Mrayogakake kang isine bebecik bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(13) *Becike kowe kuwi ndang budhal, selak kawanen*

Ukara (13) mujudake pamrayoga kang isine awesh bebecik marang wong kang diajak guneman amrih becike age-age budhal amarga selak kawanen anggane makarya. Ukara ing ndhuwur bisa klebu ing jinise mrayogakake kang isine bebecik amarga tujuwane mrayogakake marang emosi lan rasa pangrasane wong marang sawijine *stimulus*, khusus pamiji-miji positif utawa negatif.

(14) *Sepedhahmu kuwi kerep bocor, becike kok ganti ban tubeles ae.*

Ukara (14) minangka pamrayoga kang isine nuduhake marang bab kang luwih becik njur luwih migunani tumrap wong diajak cecaturan amrih bane kang kerep bocor mau diganti ban tubeles, amarga ban tubeles yen dinalar luwih aman, dene nek ketancep paku uga ora langsung kempes. Ukara kasebut klebu jinise pamrayoga kang isine bebecik, amarga wus weneh kawruh kang luwih apik tumrap wong kang diajak guneman.

(15) *Becike skripsimu ndang rampungna, ben isa wisudha oktober.*

Ukara (15) yaiku minangka pamrayoga kang nuduhake pamiji apik (*positif*) lan migunani marang wong kang diajak guneman amrih age-age ngrampungake skripsi, supaya bisa wisudha ing wulan Oktober. Ukara kasebut minangka pamrayoga kang isine bebecik, amarga tumindak menahi kawruh tumrap wong kang diajak guneman mau mujudake bab kang pancen becike kudu dilakoni. Tumindak mrayogakake minangka bab kang diajab bisa ndayani tumrap wong kang diajak guneman supaya bisa tumindak kang luwih becik lan wicaksana mungguh uripe.

### 2. Pamrayoga kang Isine Ngepenakake

Mrayogakake kang isine ngepenakake marang wong kang diajak guneman yen dirasakake ana gayutane karo awesh pamrayoga kang tujuwane menahi rembug utawa pamrayoga marang carane wong tumindak sajrone nanggepi *stimulus* biasane dititiki kanthi tembung *penake* utawa *enake*. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

(16) *Nek hawane adhem ngeneki penake ngombe kopi.*

Ukara (16) mujudake mrayogakake kang nduweni isi ngepenakake amarga sajrone ukara iku mau wong kang guneman nduweni tujuwan menahi rembug utawa pamrayoga marang wong kang diajak guneman nanggepi *stimulus* yaiku, carane wong kang diajak guneman nanggepi kahanan kang adhem. Ing kono wong kang guneman ngandharake yen hawa adhem iku penake ngopi. Ukara (79) uga dititiki kanthi tembung *penake*.

(17) *Pasa-pasa weteng luwe, penake golek mangan ki.*

Ukara (17) mujudake mrayogakake kang nduweni isi ngepenakake amarga sajrone ukara iku mau wong kang guneman nduweni tujuwan menahi rembug utawa pamrayoga marang wong kang diajak guneman nanggepi *stimulus* yaiku, carane wong kang diajak guneman nanggepi rasa luwe. Saka kahanan iku mau wong kang guneman nduweni pamrayoga yen weteng luwe penake golek mangan. Saka tuladha (78) pamrayoga kang nduweni isi ngepenakake bisa dititiki kanthi tembung *penake* kang rinaketan karo ukara kang nuduhake akibat saka ukara sangarepe.

(18) *Rijal lagi galau, penake ayo diajak mendem ae.*

Ukara (18) klebu ing mrayogakake kang nduweni isi ngepenakake amarga wong kang guneman awesh rembug ngenani carane wong kang diajak guneman nanggepi sawijine perkara yaiku, kancane lagi galau. Saka perkara iku mau wong kang guneman ngandharake yen cara kanggo nglipur kancane paling penak yaiku mendem. Ukara ing ndhuwur uga dititiki kanthi tembung *penake*.

### 3. Mrayogakake kang Isine Bebener

Mrayogakake kang isine bebener ana tujuwane awesh pamrayoga marang pamikiranane wong ngenani sawijine *objek* kayata kasunyatan lan kapercayan. Biasane pamrayoga kang isine bebener dititiki kanthi tembung *benere*. Mrayogakake kang isine bebener bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(19) *Dhuwitmu akeh kok mangan tempe, benere ya iwak pitik utawa daging ngono.*

Ukara (19) klebu ing jinise pamrayoga kang isine bebener amarga, sajrone ukara iku wong kang awesh

pamrayoga ngadharake ngenani pamikirane wong ngenani sawijine *objek* kayata kasunyatan lan kapercayan kang dirasa kurang pas. Kang nuduhake isine bebener yaiku wong kang awèh pamrayoga ngandharake yen dhuwit akeh iku benere mangane ora mung tempe, nanging pitik utawa daging. Ing ukara (19) anane mrayogakake kang isine bebener dititiki kanthi tembung *benere* kang rinaketan sajrone ukara.

(20) *Arep riyaya ngene ki benere ndang tuku klambi neng royal mumpung diskon.*

Ukara sabanjure klebu ing jinise pamrayoga kang isine bebener amarga, sajrone ukara iku wong kang awèh pamrayoga ngadharake ngenani pamikirane wong ngenani sawijine *objek* kayata kasunyatan lan kapercayan kang dirasa kurang pas yaiku, nuduhake isine bebener yaiku wong kang awèh pamrayoga ngandharake yen ana diskon ing royal, mula benere age-age tuku klambi kanggo riyaya. Ing ukara (20) anane mrayogakake kang isine bebener dititiki kanthi tembung *benere* kang rinaketan sajrone ukara.

(21) *Benere ki rokokamu marlboro ta, wong dhuwitmu ya akeh.*

Ukara (21) klebu ing jinise pamrayoga kang isine bebener amarga, wong kang awèh pamrayoga ngandharake yen dhuwit akeh iku benere rokokake marlboro. Wong kang awèh pamrayoga nduweni panemu kang kaya mangkono disebabake dhuwite wong kang diajak guneman iku akeh. Ing ukara (21) anane mrayogakake kang isine bebener dititiki kanthi tembung *benere* kang rinaketan sajrone ukara.

## PANUTUP

### Dudutan Asiling Panliten

Adhedhasar andharan asile panliten bisa kadudut kaya mangkene.

Ukara pamrayoga kaperang dadi (1) ukara pamrayoga adhedhasar wujudé yaiku, (i) wujud ukara carita, (ii) wujud ukara pakon, (iii) ukara pitakon, (iv) ukara pamenging, lan (2) ukara pamrayoga adhedhasar isine yaiku, (i) mrayogakake kang isine bebecik, (ii) mrayogakake kang isine ngepenakake lan, (iii) mrayogakake kang isine bebener. Dene ukara pamrayoga adhedhasar isine yaiku *etis*, *praktis* lan *logis* didhasarake marang isine pamrayoga kang nyocogake marang solah bawa wong kang diajak guneman.

Mrayogakake yaiku awèh rembug marang wong kang diajak guneman murih prayoga. Mrayogakake klebu ing peranganing ukara pakon nanging wujudé mrayogakake maneka warna amarga kanggo mrayogakake sawijing pawongan kudu nduweni rasa pangrasa kang dhuwur.

Ukara kang tegese mrayogakake nduweni dhapuring ukara kang umume arupa ukara gatra utawa ukara camboran, yaiku ukara camboran sajajar lan ukara camboran sungsun. Yen dhapuring ukara kang ateges mrayogakake mung madeg kanthi dhapuring ukara lamba, ukara-ukara iku durung bisa mujudake anane teges mrayogakake.

Mrayogakake nduweni sifat kang sareh lan sifat kang adreng, malah sok ana sing keras banget nganti dadi larangan utawa pamenging, gumantung kahanane guneman.

### Pamrayoga

Gegayutan karo tata lakune lan asile, panliten iki bakal diandharake pamrayoga kang gegayutan karo asiling panliten kaya ing ngisor iki :

Panliten iki nliti bab Ukara Pamrayoga. Data panliten dikumpulake saka panindak lan tumindake basa ing masyarakat jawa kang asli jawa. Mula saka iku, ora sakabehe ukara basa kang diandharake. Gayute karo bab iku, prelu ditindakake panliten kang luwih babagan wujud lan fungsine saka wedharan-wedharan kang nduwèni daya ilokusi.

Asiling panliten iki punjere ngrembug bab wujud lan fungsine saka ukara kang ateges mrayogakake. Mula saka iku, panliten iki bisa migunani kanggo pamaos. Semono uga panliten iki bisa digunakake kanggo ngrembakakake ilmu sintaksis sajrone pasinaon basa Jawa.

**KAPUSTAKAN**

- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa II*. Yogyakarta : Hien Hoo Sing.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. Leoni Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta : Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa Struktur Internal, Pemakaian dan Pembelajaran*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2008. *Morfologi Bahasa Indonesia (Pendekatan Proses)*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 1994. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia Edisi Revisi*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Kementerian Pengajaran, Pendidikan dan Keboedajaan. 1946. *Karti Basa*. Jakarta.
- Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta : PT. Remaja Raja Grafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT. Remaja Rosdakarya Offset.
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis (Edisi Kedua)*. Jakarta : Gramedia Pustaka Utama.
- Pateda, Mansoer. 2010. *Semantik Leksikal*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo.
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Rahardi, R. Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rahmawan, Andika. 2004. *Jejer ing Ukara Tanduk (Kajian Sintaksis)*. Surabaya: PBSB FBS Unesa.
- Sasangka, Sri Satriya. 2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Pramalingua.
- Subagyo, Rahmad. 2011. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya : UNESA PRESS.
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua: Metode dan Teknik Penggunaan Data*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta : Kepatihan Danurejan.
- Taylor, Selly E, dkk. 2012. *Psikologi Sosial*. Jakarta : Kencana Prenada Media Group